**МБОУ-н «Чечанара №2 йолу йуккъера школа»**

«Фразеологизмаш. Нохчийн меттан дошамаш.
1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар»

.

10-г1а класс.

**Хьехархо: Хайдарханов Салавдин Марет**

**Урокан ц1е**: Фразеологизмаш. Нохчийн меттан дошамаш.

1амийнарг карладаккхар, т1еч1аг1дар.

**Хьехарсахьтан 1алашо:**
**1) 1аморан (обуч.)** Дешархойн хаарш зер. 1амийнарг карладаккхар.
2) **Кхиоран (развив.)** Хаа деза фразеологизмаш стенах олу, уьш кхечу дешнийн цхьаьнакхетарех схьакъасто а, царех пайда эца а. Дошамашех болучу пайданех кхетам балар, 1амийнарг т1еч1аг1дар.
**3) Кхетам-кхиоран (воспит.)** Дешаре, матте болу безам к1аргбар.

**Хьехарсахьтан г1ирс**: компьютер, учебник, текст.

**Урок д1аяхьар.**

**1.Маршалла хьешашка, берашка.**

- Маршалла ду шуьга, лераме хьеший! Дешархой, урок беркате хуьлда шун!

**2.Догдаийтаран мур.**

- Урокехь к1езиг болх бан ца деза, цундела балхана т1едоьрзур ду вай. Дешархой, хьовса интерактивни уьна т1е. Д1аеша предложенеш.

**1-ра т1едиллар. Маь1ница дог1у дешнаш йазде.**

1) Къехоша Мусостана кортабеттар эрна хилира.
2) Адам санна, марадоьллира цо диттан г1ад, безамца хьалахьоьжура генашка.
3) Цуьнан б1аьргаш чу хи хьаьвзира, дагалецамаша дог дуткъдина.

**3.Дешархойн хаарийн актуализаци йар.**

-Дешархой, рог1ера дешнаш дуй вай далийнарш? Муьлхачу бакъонна т1е тидам бахийта беза вай? (Дешнийн цхьаьнакхетарш).

- Дешнийн цхьаьнакхетарх лаьцна шайна хуург дийцал. (Дешнаш вовшашца йолчу уьйрашца цхьаьнакхетарх дешнийн цхьаьнакхетар олу. Дешнийн цхьаьнакхетар шина кепара хуьлу: 1) дешнийн парг1ат цхьаьнакхетар;

2) дешнийн ч1аг1делла цхьаьнакхетар.)

-Аша далийнарш х1ун тайпа дешнийн цхьанакхетарш ду? (Фразеологизмаш.)

-Х1ун башхалла ю цу кепашна йукъахь? (Парг1ат цхьаьнакхетарш хийца йиш ю, ткъа ч1аг1делла цхьаьнакхетарш – фразеологизмаш йа фразеологизмийн карчамаш бу.)

- Шуна бевзачара йалайой шайн къамелехь фразеологизмаш?

- Цу фразеологизмийн маь1на хаа х1ун оьшу вайна? (Дошам.)

- Вай урокан теми ц1е муха хир ю аьлла хета шуна? (Нохчийн меттан фразеологически карчамаш а, дошамаш а, дешнийн маь1на а.)

-Ткъа урокан 1алашонаш? (1амийнарг карладаккхар; фразеологизмаш стенах олу, уьш кхечу дешнийн цхьаьнакхетарех схьакъасто а, царех пайда эца а; дошамашех болучу пайданех кхетам балар, 1амийнарг т1еч1аг1дар, матте болу безам к1аргбар.)

- Дешархой, дагададаийтал шайна синонимаш стенах олу? И фразеологизмаш цхьана даше йоьрзий те? (Рог1ера тедиллар кхочушдар.)

**2-г1а т1едиллар. (Интерактивни уьн т1ехь болх). Фразеологизмана метта нийсачу маь1нехь цхьана дашца синоним йалайе.**

Деш-дуьтуш доцуш – (мукъа.)

Даккха а, дожа а х1ума доцуш – (къен, миска.)

Дог декхаделла – (хазахетта, самукъадаьлла.)

Дуьненан йеа а маь11ехь – (массанхьа.)

Йоккха топ тоьхча а хезар доцуш – (къора.)

Дог доьхна – (халахетта.)

- Вай далийначу масалшка ладоьг1ча, х1ун пайда болу фразеологизмех йозанехь а, йешарехь а? (Цара вайна къегина, исбаьхьа сурт х1оттадо.)

**<u>3.Къамел кхиор.</u>**

-Тайп-тайпана а, хьалдолуш а йолу нохчийн меттан дешнийн йоккха хазна тайп-тайпанчу дошмашна т1ехь гулйина а, д1аязйина а, ларъеш а ю. Шен къамел кхио а, мотт к1орггера дика 1амо лууш волу муьлхха а стаг дошмашца гергарло долуш а, меттан дешнийн хазна 1амош а хила веза.

-Цу хьокхехь, дешархой, вай шуьца рог1ера болх бо текстаца. (Дешархошка д1ало текст т1ехь йолу кехаташ).

**4.Т1едиллар. Кехата т1ехь болх. Т1ейуза предложенеш.**

Нохчийн лексикографин йуьхь йолийнарг (Мациев Ахьмад ) ву.

Цо дуьненахь даькккхинарг (кхузткъе ялх) шо ду. Беккъа ц1ена 1илманехь бина ца 1а и болх, амма кхузахь и кхиъна (ткъе итт) сов 1илманан болх, (исс) дошам, масех учебник арахеца. Революци хиллачул т1аьхьа дуьххьара арахецна нохчийн меттан дошам йазйинарг (Мациев Ахьмад) ву. Цо (шовзткъе шина) шарахь бина нохчийн меттан лексикографин болх.

Цо д1адолорца арахецна нохчийн меттан дошмаш. (Критереш)

**5.Физминот йар.**

**6. 1амийнарг т1еч1аг1дар.**

- Нохчийн маттахь арахецнарш башха дукха дошамаш ца хиллехь а, цара вуно доккха г1о дина вайн мотт дика 1амо луучарна. Вайн меттан дешнийн хазна гулйеш, дошамаш йазъеш, дика г1уллакх дина 1илманчаша: А. Г. Мациевс, Хь.Г. Гугиевс, И. Ю. Алироевс, А. Т. Карасаевс, Д. Д. Байсултановс, З. Д. Джамалхановс иштта П. К. Услара а. (Дошмаш йовзуьйту).

**7. Тобанашкахь болх. Къовсадалар.**

**1) Даладе фразеологически цхьаьнакхетарийн маь1на досту дешнаш. Тетрадаш т1е д1аязде.**

Бурч йоьхкина – (дов дина).

Корта бетташ – (дехарш дан)

Тай тоьхча санна – (нийса).

Яхийта хьайн алаша – (д1аг1о, д1авала кхузара).

Ц1е яьлча санна, хьаьдда вог1у – (чехка).

Ц1арна ц1е яххана – (дика вевзаш, г1араваьлла).

**2) Т1адамийн метта дог1у дешнаш а далош, т1едуза ч1аг1делла цхьаьнакхетарш.**

| | |
|---|---|
| … нег1ар ца тухуш | п1елг |
| … малх баьлча | б1аьрган |
| … ши дош дан | зарзар |
| … хилла века | дашах |
| … топ йан | шад |
| … багахь кхаба | истангах |
| логера … баста | мотт |
| …йуккъехь дош лелаш | нахана |
| … бетташ хержа | г1ушлакхе |

**8.Жам1 дар.**

- Стенах лаьцна дийци вай урокехь?

- Муха къастадо вай парг1ат а, ч1аг1делла а цхьаьнакхетарш?

- Стенна оьшу дошмаш? Х1ун пайда болу царех?

**Синквейн.**

Дешар. Дошам. Мотт.

**9. Рефлекси.**

- Урокехь вай х1иттийначу 1алашонашка хьовсал.

-1 Хала дарий цу 1алашонашка кхача ?
-2 Т1едахкарш кхочушдалорий?
-3 Керланиг хиирий

**10. Ц1ахь:**
Йазъе пхиъ предложени фзеологически карчамаш йукъа а лоцуш.
Дошамаш т1ера пхеа дешан лексически маь1на даста.